

LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

Mangerteni Isi Teks Pacelathon



Nama:..... **No. Absen:**.....



Wacanen teks Pacelathon ing ngisor iki!

Rina : "Del, awakmu tau krungu ora, prastawa sing diarani pedhut kebul?"

Deli : "Iya, aku tau krungu. Kuwi salah siji prastawa pedhut kebul sing tau kedadeyan ana ing Indonesia yaiku ing propinsi Riau."

Rina : "Kapan iku kedadeyane?"

Deli : "Miturut pawarta sing takwaca, prastawa pedhut kebul iku kedadeyan taun 2016. prastawa pedhut kebul uga kedadeyan ana ing Singapura".

Rina : "Walah, medeni tenan. Banjur, apa sebabe pedhut kebul iku bisa kedadeyan?"

Deli : "Akeh ahli sing ngendika asale pedhut kebul kuwi bisa muncul amarga ana alas sing kobong."

Rina : "Waduh.. mesthi akeh masarakat sing kena prastawa iku ya, Del?"

Deli : "Bener banget, Rin. Pandelengan dadi keganggu lan saliyané iku, akeh uwong padha kena watuk lan lara tenggorokan."

Rina : "Banjur, apa sing kudu ditindakake supaya ora kena pedhut kebul iku?"

Deli : "Kanggo ngatasi bab kasebut, bisa kanthi cara nganggo masker yen arep metu saka omah. Banjur, bisa uga kanthi cara nandur tanduran kanggo ngelongi polusi lan larahan sing ana iku aja diobong ananging dipendhem wae supaya ora nambah-nambahi polusi."

Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi bener!

1. Ana ing ngendi prastawa pedhut kebul iku?
2. Kenang apa prastawa pedhut kebul iku bisa kedadeyan?
3. Kapan prastawa pedhut kebul iku kedadeyan?
4. Dampak saka pedhut kebul iku kena marang sapa wae?
5. Kepiye cara kang bisa ditindakake supaya ora kena penyakit pernapasan amarga pedhut kebul iku?."

Wangsulana ana ing ngisor iki!

1.

2.

3.

4.

5.

Mangerteni Isi Pacelathon

Wenehana tandha panah (nyocokake) antarane gambar lan pacelathon kang trep kanthi cara nggeret ikon patelot ana ing ngisor iki!



Pak Budi : "Ron, Tulung diwangi bapak ngumbah montor supaya resik."

Roni : "Inggih, Pak. kula nate ngresiki mobil Panjenengan supados resik lan nyaman nalika dipunagem."



Devi : "Bu, menapa kita kedah nyirami tanduran menika?"

Ibu: " nyiram tanduran iku perlu banget, Ndhuk. Amarga perangan-perangan sing ana ing tanduran kuwi mbutuhake banyu supaya bisa tuwuh dadi tanduran sing kuwat."



Reni : "Den, gene ta akeh banget uwong sing ngguwak sampah sembarangan ing pantai iki?"

Deni " iya ya, Ren. Akeh uwong sing durung sadar pentinge njaga karesikan."

Reni : "hmm... kepiye yen awake dhewe ngresiki panggonan ing pantai iki?."

Doni : "sarujuk, Ren. Ayo...!"



Sifa : "ibu, kula kepengin ngrencangi Panjenengan mepe rasukan, menapa angsal nggih, Bu?"


Ibu: "jelas oleh ta, Ndhuk. sregep tenan anake Ibu."



Reno : "Ibu, asahan kula sampun pungkasan."

Ibu: "Wah, rikat tenan anaku iki, suwun ya, Le wis gelem ngrewangi Ibu."

Wenehana tandha centhang (✓) kanggo ukara sing trep saka gambar ing ngisor iki!



wegah, kowe sapa ngakon-ngakon aku?

iya, Don. mengko yen olehku nyapu wis bar

Iya, Don. tak nata meja-meja dhisik ya...

Iya, Don aku ora bakal mbaleni maneh

Iya, Don. yen seroke wis akeh sampah, mengko tak guwak ning kana

Rene, Mbah. Lungguh ning kursi iki!

Ngampunten nggih, Mbah. Kula badhe lenggah wonten ing kursi menika

Sing teka aku dhisik. Dadi sing lungguh aku ya, Mbah.

Sumangga lenggah wonten ing kursi menika kemawon, Mbah. Supados boten pegel.

Panjenengan badhe mandhapa wonten pundi, Mbah?

Kula, Bu. Njagi karesikan kelas menika saged kayata mbucal larahan wonten ing panggenanipun.

Aku, Bu. Njagi karesikan kelas iku kanthi cara nyimpen sampah ana ing laci.

Kula, Bu. Njagi karesikan kelas menika dipunlaksanakaken nalika jum'at resik kemawon.

Kula, Bu. Njagi karesikan kelas menika saged dipunwiwiti nalika reged kemawon.

Aku, Bu. Njagi karesikan menika sampun tugasipun tiyang ingkang piket dinten menika.

Gatekna gambar lan jangkepna pacelathon kanthi nyocokake saka kolom ing ngisor iki!



Suwun ya, Ndhuk wis gelem ngewangi bapak lan ibu resik-resik kebon, ayo bareng-bareng digawa karunge banjur diguwak ing wadah larahan

ibu, kula kepengin ngrencangi Bapak resik-resik kebon menapa angsal, nggih?

Ibu, cobo panjenengan tingali, larahan ingkang kula kempalake sampun kathah...

Inggih, Ibu siyaga